Dados Djawinipoen labragan: "Dados Geleen ingkang poerien miwiti nglebataken patjak Djawi kaagem ing Gréja. Sadérék Djawi Katoelik kados inggih bade nampi kanti raos seneng lan kanti raos ngrejoeeki. Manawi Indonésiers Katoelik njawang pola loehoer-loehoer waoe kaagem ing pangagaman angker (soetji) kaggé nglehoeaken Sang Ratroe Kristoës, lan sembet-sembed sanés rinwang édi mawi patjakan Djawi, boten namoeng badé seneng lan roemaos noewoen, nangga badé kraos oegi kagéndéng nébak."

Dados Djawinipoen labragan: "Dados Geleen ingkang poerien miwiti nglebataken patjak Djawi kaagem ing Gréja. Sadérék Djawi Katoelik kados inggih bade nampi kanti raos seneng lan kanti raos ngrejoeeki. Manawi Indonésiers Katoelik njawang pola loehoer-loehoer waoe kaagem ing pangagaman angker (soetji) kaggé nglehoeaken Sang Ratroe Kristoës, lan sembet-sembed sanés rinwang édi mawi patjakan Djawi, boten namoeng badé seneng lan roemaos noewoen, nangga badé kraos oegi kagéndéng nébak."

Dados Djawinipoen labragan: "Dados Geleen ingkang poerien miwiti nglebataken patjak Djawi kaagem ing Gréja. Sadérék Djawi Katoelik kados inggih bade nampi kanti raos seneng lan kanti raos ngrejoeeki. Manawi Indonésiers Katoelik njawang pola loehoer-loehoer waoe kaagem ing pangagaman angker (soetji) kaggé nglehoeaken Sang Ratroe Kristoës, lan sembet-sembed sanés rinwang édi mawi patjakan Djawi, boten namoeng badé seneng lan roemaos noewoen, nangga badé kraos oegi kagénd

# OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT - SERAT KABAR SANÈS)

## KABAR KATHOLIEK.

Grédja Samaitan kekirangan jatra. Goesti ingkang badé sinewaka ing ngrikoe moendoet pisoengsoengi-poen para ambek dharma Katholieck.

Doesoen Samaitan poenika doe-menoeng wonten ing saleripoen Ass. Toeri, ing tepis wiringing redi Merapi ingkang sisih kidoel. Tebih-ipoen manawi saking district Sléman oedakara wonten 8 pal. Doesoen waoe sanadjan sanget Kloetoek tak-toek, sepi pa-pi tanpa wonten kamisoeweranipoen poenapa-poenapa, amargi sembahjanganipoen para soemengka tresna ing sesami, katah sadérèk ngrikoe lan koekoebanipoen ingkang rinangkoel ing Sang Kristoessinengkakaken ing ngaloehoer dji-noendjoeng dados poetra Dalem ke-kasih.

Ngèngeti sangetting katjingkranganipoen, sadérèk ing rikoe, poenapa déné tebib lan awoning margi saking Samaitan dateng Medari, milanipoen perloe dipoenadegaken Grédja ingkang langkoeng tjelak.

Dilalah karsaning Pangéraan, ing Samaitan ngrikoe wonten lodji patirahanipoen tijang Djepang ingkang dipoenasadé. Lan kelampahan oegi lodji waoe dipoenpoendoet ing Mis-sie.

Wiwit nalika poenika ing Samaitan saben kemis ladeng wonten Korban Mis Soetji; makaten malih tijatihing tijang Katholieck lan para magangan saja dangoe saja ngrebdha, ndjalari manawi dong dinten ageng lenggahipoen para ingkang andérèk Mis sek-sekan boten kanten-kantenan amargi roepeking papan.

Prakwas poenika mesti kémawon ladeng dados penggalanipoen Pangrèh Missie, kados-poendi ichtijari-joen moerili ing rikoe toemoenten kaedegan Grédja. Sang Kristoessingkang tresna sanget dateng tijang miskin tjeta wéla-wéla anggènipoen paring sih pitoeloengan, katanda boten let dangoe, ing Samaitan karawoehan satoenggiling randa loehoer Katholieck moersid tilas garwa tijang loehoer ing Frankrijk. Prijantoon waoe priksa kawontenaning lodji Samaitan ingkang dipoenanggè Grédja, kat-ingal sanget anggènipoen kakenan ing panggalih, pandjenenganipoen ngantos kawedar pangandikanipoen mekaten: „Wah iki ora patoet ba-geet jèn kanggo Grédja, iki patoet omahé wong miskin.”

Sasampoenipoen prijantoon waoe ngandikan kalijan sadérèk Katholieck ing rikoe sarta lèréng ginem ka-goengan karsa badé mbijantoe adeging Grédja wonten Samaitan.

Kadjawi poenika ing salebeting woelan poenika oegi katah sadérèk saking tn. Walandi ingkang kintoendana, perloe kanggé mbijantoe adje-nings missie ing tanah Djawi, mila boten let dangoe ing Samaitan la-deng dipoenajati kaedegan Grédja.

Wonten Centraal Katholieck di-poenkabaraken oegi, bilih sadérèk kita Djawi toemoet mbantoe adeging Grédja ing Samaitan; pinten angsalangsaling dana, boten perloe koela seboetaken ing riki, djer koela manah mandar adamel koetjem kita. (Milapantén nglingsmaken sanget. Red.)

Samangké Grédja Samaitan sam-poén mèh dados, kabekta saking katahing wragad, sanadjan ta sam-poén kabantoo ing sadérèk pinten-pinten, wekdal sapoenika meksa ketjoeptan arta. Prakwas poenika kados boten anggoemoenaken, djer ngèngeti kabetahaning missie boten namoeng kagem menggalih adeging Grédja Samaitan kémawon.

Pramila para sadérèk mbokbilih ndadosaken danganing panggalih, Comité Grédja Samaitan, sanget-sanget anggènipoen ngadjeng-adjeng dateng sih kadaman pandjenengan sadaja, keparenga maringi dana sa-kadaripoen, perloe kanggé soem-bang-soeroeng adeging dalemipoen Pangéraan, ingkang mesti badé adamel rahadijingoen sadérèk kita Djawi ing wewengkon Samaitan ngrikoe.

Atoer koela kados tjekek koela poenggel semanten kémawon, djer koela jakin sanget kagen prijantoon ingkang mila tressna ing Pangéraan saha bangsanipoen mesti boten badé owel mboetjal arta moerih djembar-ing Kraton Dalem.

Ing wasana ingkang badé paring pandjeroeng, keparenga ngintoenaken kasèp-kasèpipoen tanggal 20 October poenika dateng Comité:

P/a A. ADISOEBRATA  
R. K. Vervolgschool  
Toeri  
Sléman  
DJOCJAKARTA.  
Samaitan 28-9-'30.  
Atas Comité  
Poén:  
A. M. D. G.

## Swara Tama kalijan sentana Hoevenaars.

Kala tangsal 7 Oktober poenika, Patjar Mérah - kita tampil serat saking salah satoenggiling sentanaipoen swargi Rama Hoevenaars.

Zeer Geachte Heer Patjar Mérah.

Het heeft mij echt goed gedaan in Swara Tama het opstel te lezen, dat U er aan mijn Broer, mijn in-ning geliefden Broer, hebt gewijd. (Sw. T. 12 Sept. — Red.).

In zeer juiste woorden hebt U een gedeelte van zijn leven en streven weergegeven.

Hoeveel de overledene ook voelde en werkte voor de Europeanen hier te lande, hoezeer hem de stof-felike en geestelijke belangen der Europeesche jeugd, der Europeesche armen en wezen ter harte ging, aan de bevordering van het godsdienstig en maatschappelijk welzijn der Javanen schon hij met evenvele liefde de zijne krachten. De Javanen hadde in hooge mate zijne liefde, hunne belangen trachtte hij in dit gezegende land steeds meer op den voorgrond te stellen.

Uit dankbaarheid voor hetgeen U ter herinnering aan mijn lieven Broer schreef, zond ik U heden een kleine missaaltjes. 't Is weinig maar komt van een goed hart. Moge het U ook in uwe gebeden den mij zo-dierbaren overledene gedachtig doen zjin. enz. enz. . . . .

\*\*  
Serat ing ninggil poenika, soera-osoipoen kémawon makaten:

Sentana waoe mahjakaken genging panarimahipoen déné sadérèk Patjar Mérah damel goebahan wonten ing Sw. T. amèngeti sedanipoen swargi Rama Pétroes Hoevenaars.

Swargi Rama P. Hoevenaars won-tent serat ngrikoe katjarisosaken sa-geet anggènipoen anglabeli bangsa Éropah ing ngriki; sanget anggènipoen manggalih kabetahanipoen para néneman, para miskin toewin laré lola bangsa Éropah. Kadjawi poenika taksih sanget manggalih karahadjengangan lahir-batosipoen bangsa Djawi, lan anggènipoen manggalih waoe kanti katesnan ingkang wawratipoen sami kémawon kalijan katesnanipoen dateng bangsa Éropah. Bangsa Djawi sa-geet dipointresnani; kabetahanipoen bangsa Djawi sanget katengenaken.

Minangka tijinaning panarimah, sentana waoe maringi kitab - Mis Soetji alit, (— Mis en Vesperboek, wedalan Turnhout Henri Proost & Co. — Red.), sageda ing salebetipon moemoedji ing Pangéraan, sadérèk waoe kénégetan dateng ingkang sampoen swargi.

\*\*  
Loemantar Sw. T. ngrikoe, redaksi ngatoeraken panoewoenoipoen sadérèk Patjar Mérah dateng sentana waoe.

Semantan oegi, Swara Tama ing-gih ngatoeraken panoewoenoipoen, déné sentana waoe, amanggalih se-ratanipoen sad. Patjar Mérah ingkang sampoen dangoe toemoet tandang damel amemaës asrinipoen Swara Tama, sarana Ontjénipon sekar gambir melati ingkang pine-tikan saking tamaning gagasanipoen.

Anggèn koela metik serat ing ninggil wonten ing Sw. T. ngrikoe, poenika amargi kita redaksi angga-dahi pamanggih, panarimahipoen sentana waoe temenipoen boten na-moeng dateng kadang Patjar Mérah: nangng oegi dateng pandjenengan sadaja ingkang tresna dateng Sw. T. Djer kita jakin sanget, bilih pan-djenengan sadaja, amargi maos Sw. T., ladeng anjoenjoewoen ing Pangéraan amrih basoekining arwah-ipoen swargi Rama Pétroes Hoe-venaars, ingkang pantén katah sanget lalabtanipoen dateng Missie Djawi.

Pangadjeng-adjeng kita, redaksi Sw. T., sasampoenipoen pandjene-nan maos pakkabarakan poenika, moegi saja kandel katesnan pandjene-nan dateng Swara Tama ingkang toendonipoen badé moerakabi toe-mrap adjenging Sw. T. Tatantjebing tjipta pandjenengan moegi tan-saha amoebidaja bêndjing poenapa gotrah Katholieck Djawi anggadahi hari-warti (dagblad); djer kawon-tenan ing kiwa tengen sampoen tansah amitoeteri soepados kita ladeng ngawontenaken dagblad.

Moegi-moegi sageda kabao!

Sadérèk Simon Soedarma, † Sadérèk Simon Soedarma, kepala pamoelangan Standaard Djember, ingkang katal sanget lalabtanipoen dateng Missie ing ngrikoe, salebet-ipoen Minggoe kapengker tilar do-nja. Kita bêla soengkawa. R. I. P.

## KABAR OEMOEM. INDONESIA.

### Indonesia lan Suriname.

Djiwa ing Suriname poenika ingkang bangsa Indonesia kirang langkoeng sapragangsalipoen.

Kala 31 Désember '28, diwan-poen tijang siti wonten 58.000, tijang Hindoe 34.000, tijang Indonesia, 29.000, Neger 17.000, Indian 2000, Tionghoa 1700, bangsa Walandi kiring langkoeng 1600.

Djiwa ing ngrikoe sadaja dèrèng wonten 150.000.

### Pos oedara.

Pos medal montor maboer ingkang kalampahaken toewan van Dijk, kala Setoe dijam satengah gangsal sotent sampoen doemoegi Bandoeng, kanti wiloedjeng.

### Kasangsaran montor ing Madioen.

Kala Ngahad éndjing, kirang langkoeng djam gangsal, ing Madioen wonten montor noemboek tilpoen. Ingkang noempaki t. mr. dr. H. Westra rajinipoen resident Ngajoda, Njonjah Westra lss., sadaja 5, dja-ler 4, njonjah 1 mentas sami saking kamar bolah.

Toewan lan njonjah Westra kata-ton, nanging boten dados baja. Toewan Kromsigt goeroe gambar Mulo, ingkang pedjah.

### Kawontenan ing Formosa.

Aneta mentas rerebagan kalijan toewan Oetsjida, tilas goepernoer Formosa. Tilas goepernoer waoe anjarijosaken: sampoen wiwit taoen 1911 Formosa angtoenaken tijang dateng tanah Djawi perloe matitisakan pabrik-pabrik gendis ing ngrikoe. Wiwit kala semanten, pamedal gendis ing ngrika ladeng mindak, ngantos sapoenika ing dalam sataoenipoen saged nedalaken gendis 60.000 ton. Rosan ing ngrika ném sanget.

Berahanipoen kaoem berah ing ngrika ratjak langkoeng katah tim-bang ing tanah Djawi. (70 sèo).

Siti kaboeditajan gendis kala roem-jin inggih njéwa, nanging sapoenika ingkang katah-katah sampoen toembaas siti pijambak.

### Otek Indonesië.

Asli Soematra.

Kirang langkoeng sampoen sangang taoen, prijantoon bangsa Soematra asma Idris Soetan Pangéraan, dados maha goeroe basa Mlajoe wonten pamoelangan loehoer ing Hamburg (Djerman).

Manoet pamirengipoen Aneta, t. Idris waoe kakintenaken dateng Indonesia, dangoenipoen sataen, kangié njinaoe poenapa kémawon ingkang gagaoetan kalijan basa Mlajoe.

Pandjenenganipoen oegi badé njinaoe gesangipoen tijang Koebroe sareng-sareng kalijan sardjana anthropoloog ing Tropen-instituut Hamburg.

T. Idris waoe sampoen doemoegi Indonesia. Dep. Onderwijs ing ngriki paring pambijantoe.

Preloe kapèngetan, bilih pan-djenenganipoen poenika wedalan Kweekschool Fort de Kock, nglajengkaken sinaoe dateng Nederland, ladeng neroesaken dateng Hamburg.

### Kambah bebaja pest.

Ing Dampit, Malang, katetepaken kambah sasakit pest.

### Inlandsche Zaken.

T. Salamoen, tilas vice - konsoel Walandi ing Mekah, sapoenika kabantoken wonten ing kantor In-landsche Zaken. (A. I. D.).

### Boten wonten peken malem.

Bêndjing taoen 1931 poenika ing sawenéhing panggénan ing bawah Semarang, bokmanawi kémawon boten badé wonten peken malem, margi ngèngeti kawontenaning ekonomi ing taoen waoe mestinipoen saja rekaos. (Alg. Hdb.).

### Ngobong majit.

Bêndjing tanggal 13 Oktober poenika, ing Kalibookeboek, 8 K.M. saking Singaradja (Bali), badé wonten majitipoen wanita kalah golongan ngobong dipoenobong. Toenggil ditenan kalijan waoe, ing Den Tjarik 18 K.M. saking Singaradja) oegi wonten majitipoen bangsa Brahmana dipoenobong.

### Teboe dipoen-gantos pantoen.

Locomotief njarijosaken, bêndjing wekdal giling taoen 1932 poenika, ing Djawi Tengah wonten pabrik gendis kalah lan ing Djawi Wétan pabrik gendis tiga, gadah sedya badé nanemi pantoen ing sitinipoen; dados boten dipointanemi rosan.

Ing taoen 1932 poenika waoe, badé katah pabrik ingkang boten poeroen nanem rosan, langkoeng-langkoeng ing papan ingkang paséwanipoen siti awis, oet. ingkang margi kadajan sebab warni-warni ladeng andjalari indaking waragad.

Moegi-moegi sageda kabao!

Sadérèk Simon Soedarma, † Sadérèk Simon Soedarma, kepala pamoelangan Standaard Djember, ingkang katal sanget lalabtanipoen dateng Missie ing ngrikoe, salebet-ipoen Minggoe kapengker tilar do-nja. Kita bêla soengkawa. R. I. P.

## ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI!

## ÉMAH - ÉMAH KENÈMEN.

### PARÉNTAH NANDANGI . . .

### WANITA KEDAH AMBIJANTOE!

ingkang anerang - nerangaken kapi-toenèipoen laré kenèmen kaémah-émahaken.

Nanging, . . . . poenapa Paréntah sampoen angedalaken boekoe maka-ten waoe, . . . . koela boten mangertos.

Kaseboet ing Sirkoelèr, oegi mratélakken soepados para kawoela Indonesia sagesta toewoeh manah-ipoen pijambak, ambijantoe Rege-ring anjirnakan émah-émah taksih kenèmen.

Dados, té-téla Paréntah angihtijari itjalipoen sasakit kaseboet nginggil.

Nanging, manoet tjarijosipoen Alg. Ind. Dagblad, tjatetan-tjatetan kin-derhuwelijk ingkang kaladosaken saking pangageng gewest wiwit Januari 1926, anedahaken bilih: tjat-tjahing kinderhuwelijk ing satanah Indonesia boten soeda lan inggih boten mindak . . . .” De (...) aan de regeering ingediende statistische op-gaven ontrent de in geheel Nederl-Indie aangegane (zoogenaamde) kin-derhuwelijken, toont aan dat het aantal dier huwelijken over geheelen archipel, (...) er niet op verminderd is, ook niet vermeerdert.”

Boten soeda lan inggih boten mindak! Dados, gerbanipoen: adjeg kémawon. Sami oegi kalijan boten wonten sirkoeler.

Ing palapoeran ngrikoe, mraté-lakken bilih idjab kenèmen waoe ingkang katah sanget ing tanah Soematra. Estrinipoen oemoer 8 à 10, djaleripoen 14 à 15 taoen.

Kawontenan „ora moendak ora soeda“ poenika toemrap para pangandjoering bangsa saëstoe adamel prihatos. Poenapa ingkang tam-pi sirkoeler boten ngemen-emenaken? Mokal!!!

Ing dalem rembag kinderhuwelijk, pantèn wonten prakewis ingkang katab sanget ing tanah Djawi. Mangga diperlukan 13-14, inggih sakéjtja kémawon. Saja manawi ngleresi laré-nipoen longgor.

Manawi koela boten kaléntoe, saben wonten baji lahir poenika mesti kalapoeraken ing kaoem dateng kepala doesoen (— dédé la-poeran burgerlike stand—). Amila, kangié amékan sampoen ngantos wonten pangantèn dipointsepohaken oemoeripoen, poenapa boten saged pangoeloe neda tjetetan oe-moering laré, awawaton pèngetan ingkang dipoenlapoeraken ing kaoem waoe.

Alja saking poenika, kangié pre-toening aksi ing ninggil, tijang ingkang kadibah ngidjabaken, inggih sampoen ngantos gadah kamélikan. Liripoen, sampoen ngantos poeroen dipoint

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226  
boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.  
Pembatja  
SWARA TAMA,  
dengan bawa lembaran  
Swara Tama  
dapat POTONGAN.

## TOKO BARANG - BARANG H. SPIEGEL — Djokja.

### ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak - anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

Manawi pandjenengan bade pirsa  
kawontenanipoen ébah - ébahanipoen  
sadérèk Katholieke wonten ing madya-  
ning politiek, moegi karsaa lengganan

## SOEARA-KATHOLIEK

ingkang sawoelan medal kaping tiga.

Adrèse: P.P.K.D.-KANTOOR DJOKJA.

Regi: f 4.— ing setaoenipoen.

## Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannya.

ROTIÉ-ROTIÉ, KOEWEE-KOEWEÉ dan  
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-  
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an  
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per  
pond f 0,90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat  
Toko DJOEN & Co.

## ARTISTICO CALCARIUM.

Waterverf nomer satoenggal tanpa ganda, woedjoed  
boeboekan, jen badé nganggé mawi dipointjampoeri toja  
limrah oetawi bentèr, kanggé negetjet pjan, témbok lsp.  
Saged toembas warni 40 dalasan warni salaka lan mas.  
Jen warni waoe katjampoer - tjampoer, tjetjahing warni  
saged tanpa wates.

Satoenggal boengkoes à 1 Kilo, . . . . . f 0,90.  
(mawi rékanipoen nganggé)

Calcarium salaka saben 1 H.G. f 0,50, saben 1 Kilo „ 4,25.

Calcarium mas „ 1 „ 0,55, „ 1 „ „ 4,75.

Sikat Calcarium lan Sablone.

Sikat Inggris, petak, gèpèng.

**VERFFABRIEK R.B. FRIELING**  
GONDHOMANAN 80 DJOKJA TELEFOON NO. 784

## DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6. - 7.30.	Lamah	5.30 - 6. - 8.	Pekalongan <sup>3)</sup>	6.30 - 8.	Kependjén	6 - 7 - 9.
Amboina	7.30.	Lawang <sup>5)</sup>	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7.9.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	6.30 - 8.
Djember	7.30.	9.30 (mal.).	Medari <sup>6)</sup>	Sambong	8.	Tering	7.
Djokja:			Meester Corn.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup>	7.30.
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Jav. 6 - 8.	Mendoet	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.		Modjokerto	Sedijram	5,45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang <sup>1)</sup>	7.30.		Moentilan	Semarang:		Wates <sup>7)</sup>	7.
Fort de Kock	7.30.		5 - 6 - 8.	Gedangan	6 - 8.	Weltevreden:	
Gandjoeran <sup>2)</sup>	7.		Padang	Bangkong	6.30 - 8.30.	Waterlooplein	5,45 - 7 - 9.
Gombong <sup>3)</sup>	7.30.		7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn <sup>4)</sup>	7.30.		Padang Pandjang	Randoesari	7 - 9.	Wonosobo <sup>8)</sup>	7.30.
Kediri	7.30.		7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klaten	7.30.		Pajakoembo	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.		Palembang	Heuvel	5.30.		
			6.30 - 8.	Soorabaja:			

<sup>1)</sup> 1e. Achad.

<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad.

<sup>3)</sup> 2e. Achad.

<sup>4)</sup> 1e. Achad tiao<sup>2</sup> doea boelan.

<sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad.

<sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad.

<sup>7)</sup> 3e. Achad.

<sup>8)</sup> 3e. Achad.

## MATOER NOEWOEN.

Dateng para Agoeng, para Prijantoen, para mitra,  
para sadérèk ingkang sami paring pitoeloengen warni-  
warni saha pakoermatan, wiwit sakit doemoegi ngadjal-  
ipoen sadérèk koela djaler ingkang sanget koela tresnani

## RADÈN SIMON SOEDARMO.

Ingkang nalika tanggal 1 October tilar donja saha  
kakoeboer ing Djember tanggal 2.

Ingkang nandang soengkawa:

Moedjiat Martohadikoesomo  
Soedarmen Martodihardjo  
saha familie.

## PARANGAKIK. Pogokan.

Tanggal 6 Oktober, koeli - koeli  
kaoem berah ing pamelikan ing Pa-  
rangakik, sami dipoenabani mogok  
sadinten sadaloe, minangka pangant-  
jam dateng diréksining pamelikan-  
pamelikan déné boten noeroeti pa-  
nedanipoen babagan bajaran ing  
salebeting liboer.

Sangang dasa nem presenipoen  
kaoem berah, ing dinten waoe boten  
sami dateng ing pandamelan.

## ITALI.

Ing Roem wonten pawartos bilih  
sang praboe Boris ing Bulgarije  
patjangan kalijan poetri Itali retna  
Giovanna.

Sang nata Boris poenika Grieksch-  
Katholieke, joeswanipoen 36 taoen;  
anggénipoen djoemeneng nata kala  
taoen 1918. Déné poetri Giovanna  
joeswa 23 taoen.

E  
R  
E  
R  
C  
E  
E

Boeat toean poenja

Recept<sup>2</sup>  
APOTHEKEN  
**Rathkamp**  
& Co  
MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

## AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

Sepeda - sepeda merk:  
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.

TOURIST: A. A. sarta A.

### Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.  
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—  
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-  
kas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:  
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.

Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoon  
tosan sarta tjét wènter.

PENJADÉJAN KENTJÉNG SARTA KATJITJILAKEN.

Menawi perloe moendoet keterangan, bade kakintoon pratélan-  
ipoen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:  
„WIRJOSOESENO”  
Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

goemoeling wonten sabin.

Kasangsaran tjiang boten wonten.

### Kobongan ageng.

Kapitoenaniipoen 25 éwoe.

Ing kampoeng Tionghoa Soera-  
baja kala malem Selasa wonten to-  
ko barang-barang gading gadah-  
ipoen bangsa Tionghoa kobongan,  
kapitoenaniipoen 25.000. roepijah.

### Tilpoen radio.

Wiwit woelan poenika, tilpoen  
radio kaljian Lithauwen sampoen  
kabikak medal Nederland. Tarip-  
ipoen sami kaljian manawi dateng  
Djerman.

### Dajaning pangiridan.

Pabrik téh ing Bajang Tenga lan  
Goenoeng Malintang manoet Sum.  
Bode, dipointoetoep. Wiwit tanggal  
15 November ngadjeng poenika,  
poenggawa-poenggawa bangsa Eu-  
ropa toewin koeli-koelinipoen sami  
dipoenkendali. Koeli waoe wonten  
300 ingkang koeli kontrakan.

Wiwit tanggal 1 October, kaboe-  
didaan karéting Goenoeng Sind-  
doer dipointoetoep.

Administratoeripoint E. Bueno de  
Mesquita, dipointaksihaken kanggé  
ngoyeran oeroesan-oeroesan ing ta-  
nah ngrikoe, margi Goenoeng Sindoor  
poenika djembaripoen 1200 baoe.

Déli Crt. njarijosaken ing Suma-  
tra Pss. Wétan wonten tilasan as-  
sistent kebon katahipoen kinten-  
kinten 60-70.

Ing Medan wonten tilas assistent  
kebon dados sopir monter, lan Wal-  
landi waoe sapoenika késah dateng  
tanah Djawi perloe padas pandam-  
elan.

Bokmanawi pangintenipoen ing  
tanah Djawi poenika kawontenan-  
ipoen langkoeng saé tinimbang ta-  
nah Soematra. Boten ngertosa ma-

nawi ing ngriki inggih katah tjiang  
bloeloengan padas pandamelan.

### Ama lèpèn ing Siak.

Sagedagan poenika, tetjiang sa-  
kiwa tengenipoen Siak Sri Indra-  
poera sami prihatos margi dipointo-  
resahi baja.

Kala woelan kapengker, salebet-  
ipoen sakampoeng ing dalem kalih  
minggoe wonten tjiang lan laré alit  
tiga welasan dipointoeng glandang baja.

Malah nembe poenika, wonten  
laré kalih ngleresi adoës, oegi di-  
pointoeng glandang singa ranoe waoe,  
toedjoenipoen saged kapitoeloengan  
bapakipoen.

### Toek lisah énggal.

Siti Kloewang lér, gadahanipoen  
B. P. M. mentas pinanggih wonten  
toekipoen lisah latoeng.

## MANTJA NAGARI.

TIONGKOK. Wei Hai Wei ka-  
wangsoelaken.

Tanggal 1 Oktober poenika, poelo  
Wei Hai Wei kawangsoelaken pra-  
dja Inggris dateng Tiongkok malih;

Wei Hai Wei poenika djembar.  
ipoen kinten-kinten 730 K.M.<sup>2</sup>, dji-  
wanipoen kirang langkoeng 180.000-  
doenengipoen Lér wéten pasisir  
djasisir Sjantong, Kabawahipoen  
Ingris kala taoen 1898. Palabuhan  
ing ngrikoe dipointoengan.